

## **Kèk sipètisyon nan kilti ayisyen : Some superstitions in Haitian culture**

©Emmanuel W. VÉDRINE  
Ete 2010 : Summer 2010

1. Si yon chovsouri antre nan yon kay, se lamò l ap anonse.
  2. Si frize poze sou do kay, se lougawou k ap pase.
  3. Dòmì ak kilòt koulè wouj pou mò pa rale zòtèy pye ou nan nuit.
  4. Fanm ansent pa pote dèy (pou pa fè foskouch).
  5. Fanm ansent pa sèvi nan mòtalite (pou l pa fè foskouch).
  6. Yo di fanm ki gen ti bab anba manton, yo konn vole lougawou.
  7. Gade dèyè janm dwat yon tifi pou konn si l pèdi.
  8. Lè chen wouke, se lamò l ap anonse.
  9. Lè je ou ap danse, se lapli ki pral tonbe.
  10. Lè loray ap gwonde, moun pa sèmante.
  11. Lè ou fin bay kochon manje nan nuit, pa vire gade l (pou l pa gen grenn).
  12. Lè yon timoun ap chanje dan, youn rache, li dwe voye l sou do kay. Avan li voye l, li dwe di: «Rat, rat, men yon vye dan m ap voye ba ou pou ban m yon bèl ti dan».
  13. Lè papiyon nwa antre lakay ou, se siy lamò.
  14. Lè timoun gen òkèt, mete yon ti fil sou fwon l.
  15. Lè zetwal file, pare sèkèy; gen yon moun ki pral mouri.
  16. Lè zòrèy ou kònen, se moun k ap pale ou mal.
  17. Mete yon grenn maldyòk nan kou timoun pou lougawou pa manje l.
  18. Ou pa di yon timoun bèl (pou pa ba l madyòk).
  19. Ou pa mete «koulè jòn» al nan fèt ou nan mòtalite (lamò).
  20. Pa mete «koulè wouj» pou al vizite yon moun ki gen mòtalite.
  21. Pa lonje dwèt sou zetwal k ap file (w ap tripòt si ou fè sa).
  22. Pa prete moun yon cheval plenn pou al ede nan yon mòtalite (l ap avòte).
  23. Pa satiyèt yon timoun pou l pa bege.
  24. Premye janvyè, w al pran yon beny nan dlo ki pre w la pou retire de venn ansyen ane a sou ou.
  25. Si men dwat ou grate ou, se yon kòb ou pral jwenn.
  26. Si men goch ou grate ou, se lajan ou pral depanse.
  27. Si ou bege, epi lè li nouvèl lin ou di «men lalin», bege a ap pase.
  28. Si ou bezwen cheve ou pouse, koupe li 24 jen.
  29. Si ou bezwen konn leson ou, mete liv la anba tèt ou lè ou pral dòmi.
  30. Si ou limen yon plim poul anba chèz yon moun
1. If a bat enters a house, its announcing death.
  2. If a hoot owl alights on top of a house, it's vampires passing by.
  3. Sleep with red panties so that the deads don't pull your toes at night.
  4. Pregnant women don't go into mourning for a love one (so that they don't have a miscarriage).
  5. Pregnant women shouldn't serve people during a death (so that they don't have a miscarriage).
  6. They say that women with short beard under their chins are believed to be vampires.
  7. Look behind the right legs of a girl to know if she lost her virginity.
  8. When dogs howl, it's death they are announcing.
  9. When your eyes are blinking, it's going to rain.
  10. When it's thundering, people shouldn't swear.
  11. After feeding a pig at night, don't turn around to look at it (so that its meat doesn't get lumpy).
  12. When a child is getting his adult teeth, one is broken, s/he's supposed to throw it on top of the house. Before throwing it, the child should say: "Rat, rat, here's an ugly tooth I am sending you to give me a nice little tooth".
  13. When black butterflies enter your house, it's a sign of death.
  14. When children have hiccup(s), put a piece of thread on their forehead.
  15. When stars dash, get coffins ready; someone is going to die.
  16. When your ears are buzzing, people are bad mouthing you.
  17. Put a bead in the child's necklace so that vampires don't eat him (or her).
  18. You don't say a child is cute so that they don't spell a cast on him (or her).
  19. You don't wear "yellow color" to go someone's party or someone who has a death.
  20. Don't wear "red color" to go and visit someone who has a death.
  21. Don't point your finger on dashing stars (you'll be nosy if you do so).
  22. Don't lend anyone a pregnant horse to go and help in a case of death (it will have a miscarriage).
  23. Don't tickle a child so that he won't stutter.
  24. On January First, you take a bath in the (body of) water near you in or order to get rid of the bad luck of the old year.
  25. If your right hand is scratching you, you'll be receiving money.

ki gen maklouklou, maklouklou a ap rele.

31. Si ou mache ajenou, w ap touye manman ou.

32. Si ou mache ak soulye dwategoch, w ap touye manman ou.

33. Si ou mòde lang ou pandan w ap manje, se yon ipokrit k ap pale ou mal.

34. Si ou panse ou pral kontre ak movezè nan nuit pandan w ap mache, met rad ou alanvè.

35. Si ou soufle nan boutèy, w ap gen maklouklou.

36. Si ou tire kont lajounen, w ap fè move rèv.

37. Si ou santi yon moun ap mache anba plapye ou, se yon bon moun.

38. Si ou santi yon moun ap mache bò pye ou, se yon ipokrit.

39. Pandan de moun ap pale, si sanzatan toulède di egzakteman yon fraz similè, youn dwe penche lòt (pou yo pa mouri ansanm).

40. Si w al fè ti jwèt manman ak papa jou vandredi, tete ou ap kole.

41. Si w ap mache, ou frape pye dwat ou, se bon nouvèl.

42. Si w ap mache, ou frape pye goch ou, se move nouvèl.

43. Si yon fanm met valiz li atè, l ap toujou razè.

44. Si yo bale pye ou, ou p ap marye.

45. Si yon moun di li te wè ou pandan lannuit nan lari, di se pa t ou menm.

46. Si yon ti zandolit vole sou yon fanm, li pral ansent.

47. Si yon tibebe pike tèt li ap gade pa dèyè, se rele l ap rele lòt timoun.

48. Voye yon grenn sèl anba chèz yon moun endezirab (pou l ka leve).

49. 15 jen, 15 jiyè ou pa gade anlè pou pa wè laposiyè k ap pase (pou pa mouri).

26. If your left hand is scratching you, you'll be spending money.

27. If you stutter, and when it's full moon you say "there comes the moon", you'll no longer stutter.

28. If you want your hair to grow, cut it on June 24th.

29. If you want to know your (assigned) lesson, put the book under your head when you are going to sleep.

30. If you light a chicken feather under the chair of a person with hydrocele, the hydrocele will make noise.

31. If you walk kneeling, you'll kill your mother.

32. If you walk with your shoes on the wrong feet, you will kill your mother.

33. If you bite your tongue while eating, it's a hypocrite who is bad mouthing you.

34. If you feel you are going to meet with werewolves at night while walking, wear your clothes inside out.

35. If you blow in a bottle, you will have hydrocele.

36. If you tell stories daytime, you will have bad dreams.

37. If you feel someone is walking under your sole, that's a good person.

38. If you feel someone is walking on the side of your foot, that's a hypocrite.

39. While two people are talking, if unexpectedly they say an exact same phrase, they should pinch each other (so that they won't die together).

40. If you play mom and dad's little game on Friday, your breasts will get stuck.

41. If you are walking, you hit your right foot, it's good news.

42. If you are walking, you hit your left foot, it's bad news.

43. If a woman puts her purse on the ground, she'll be always broke.

44. If they sweep your feet, you won't get married.

45. If someone says he (she) saw you at night in the streets, say "no" that weren't you.

46. If a small lizard jump on a woman, she is going to get pregnant.

47. If a baby lowers his head to the knees, he's calling others (to be born).

48. Throw a grain of salt under the chair of an unbearable person (in or to get up).

49. June 15, July 15 don't look at the sky (morning or night) in order not to see Pleiades (star) constellation (so that you won't die).

### Kesyon e konpreyasyon

1. Kisa moun panse de fanm ki gen ti bab anba

### Questions and understanding

1. What do people think of women who have little

manton?

2. Kisa k ap fèt si ou mòde lang ou pandan w ap manje?
3. Kisa k ap pase lè zòrèy yon moun ap kònen?
4. Kisa k ap pase lè men dwat ou ap grate ou?
5. Kisa k ap pase si men goch ou ap grate ou?
6. Kisa k ap pase si ou limen plim poul anba chèz yon moun ki maklouklou?
7. Kisa k ap pase si ou mache ajenou?
8. Kisa k ap pase si ou mache ak soulye dwategoch?
9. Kisa k ap pase si w ap mache epi ou frape pye dwat ou?
10. Kisa k ap pase si w ap mache epi ou frape pye goch ou?
11. Kisa k ap pase si yon moun bege lè nouvèl lin epi l di «men lalin»?
12. Kisa k ap pase yon fi si l al fè jwèt manman ak papa jou vandredi?
13. Kisa k ap rive si ou tire kont lajounen?
14. Kisa k ap rive yon fanm si l ap mache epi l mete valiz li atè?
15. Kisa ki pral pase si papiyon nwa antre nan kay yon moun?
16. Kisa moun pa dwe fè lè etwal ap file?
17. Kisa ou fè pou konnen si yon tifi pa pèdi (vijinite l)?
18. Kisa pou fè si ou panse ou pral kontre ak movezè nan nuit?
19. Kisa w ap genyen si ou soufle nan boutèy?
20. Kisa yo dwe fè lè yon timoun nan okèt?
21. Lè je ou ap danse, kisa k pral pase?
22. Lè yon chen ap wouke, kisa l ap anonse?
23. Lè yon tibebe pike tèt li ap gade pa dèyè, kijan yo entèprete sa?
24. Lè yon timoun ap chanje dan, li gen youn rache, kisa l dwe fè?
25. Pandan de moun ap pale, pa kowensidans, yo di yon fraz similè, kisa yo dwe fè?
26. Poukisa moun dwe pran yon beny premye janvyè nan dlo ki pre yo a?
27. Poukisa moun pa dwe gade anlè, dat 15 jen, 15 jiyè?
28. Poukisa moun pa dwe met koulè jòn pou ale nan fèt kay yon moun ou nan yon mòtalite?
29. Poukisa moun pa dwe met koulè wouj pou ale nan yon mòtalite?
30. Poukisa moun pa dwe prete lòt moun yon cheval ki plenn pou al ede moun ki gen mòtalite?
31. Poukisa moun pa dwe sèmantè lè loray ap gwonde?
32. Poukisa moun pa dwe vire gade yon kochon apre yo fin ba l manje leswa?
33. Poukisa ou pa dwe rele yon kochon si ou pote manje ba li nan aswè?
34. Poukisa yon fi dwe dòmi ak kilòt wouj?
35. Poukisa yo dwe met yon grenn maldyòk nan kou

beard under their chin?

2. What is happening if you bite your tongue while eating?
3. What's happening when someone's ears are buzzing?
4. What is happening when your right hand is scratching you?
5. What is happening when your left hand is scratching you?
6. What will happen si you light a chicken feather under the chair of someone with hydrocele?
7. What will happen if you walk kneeling?
8. What will happen if you walk with your shoes on the wrong feet?
9. What will happen if you are walking and you hit your right foot?
10. What will happen if you are walking and you hit your left foot?
11. What will happen if a person who stutters says “there comes the moon” when it's new moon?
12. What will happen to a woman if she mom's and dad's game on Friday?
13. What will happen If you tell stories during the day?
14. What will happen to a woman while walking, she puts her purse on the ground?
15. What will happen if black butterflies enter someone's house?
16. What shouldn't a person do when stars are dashing?
17. What should you do to know if a girl does not lose her virginity?
18. What should you do if you think you are going to meet with werewolves at night?
19. What will happen to you if you blow in a bottle?
20. What should be done when a child has hip cup?
21. When your eyes are blinking, what's going to happen?
22. When a dog howling, what is it announcing?
23. When a baby lowers his (her) head to the knees, to look behind him, how is that being interpreted?
24. When a child is getting his adult teeth, he has a broken one, what should that child do?
25. While two people are talking, by coincidence, they say an exact similar phrase, what should they do?
26. Why should people take a bath on New Year's Day in the (body of) water near them?
27. Why shouldn't people look in the sky on June 15, July 15?
28. Why shouldn't people wear “yellow” to go to someone's party to some who has a death?
29. Why shouldn't people wear “red” to visit someone who has a death?
30. Why should someone lend people their pregnant horse to help some one who has a death?

timoun?

**36.** Poukisa yo dwe voye yon grenn sèl anba chèz yon youn moun endezirab?

**37.** Poukisa yo pa dwe di yon timoun bèl?

**38.** Poukisa yo pa dwe satiyèt (satouyèt) yon timoun?

**39.** Poukisa yon fanm ansent pa dwe pote dèy?

**40.** Poukisa yon fanm ansent pa dwe sèvi moun oubyen fè nenpòt bagay pou ede yon moun ki gen yon mòtalite?

**41.** Sa k ap pase si yon chovsouri antre nan yon kay?

**42.** Sa k ap pase si yon frize poze sou tèt kay yon moun?

**43.** Si ou bezwen cheve ou pouse, ki dat pou koupe l?

**44.** Si ou santi yon moun ap mache anba pye ou, ki tip moun li ye?

**45.** Si ou santi yon moun ap mache bò pye ou, ki tip moun li ye?

**46.** Si yo bale pye ou, kisa k ap rive?

**47.** Si yon moun di li wè ou pandan lannuit, kisa ou dwe di l?

**48.** Si yon zandolit vole sou yon fanm, kisa k ap rive?

**31.** Why shouldn't people swear when it's thundering?

**32.** Why shouldn't people turn around to look at a pig after feeding it at night?

**33.** Why shouldn't people call a pig at night when feeding it?

**34.** Why should a woman sleep with red panties?

**35.** Why should they put a bead around a child's neck?

**36.** Why should they throw a grain of salt under a chair of an unbearable person?

**37.** Why should they say a child is cute?

**38.** Why shouldn't they tickle a child?

**39.** Why shouldn't a pregnant woman be in mourning for someone?

**40.** Why shouldn't a pregnant woman serve people or do anything to help someone who has a death?

**41.** What will happen if a bat enters someone's house?

**42.** What will happen if a hoot owl alights on the top of someone's house?

**43.** If you want your hair to grow, what date should you cut it?

**44.** If you feel someone is walking under your sole, what type of person is that?

**45.** If you feel someone is walking on the side of your foot, what type of person is that?

**46.** If they sweep your feet, what will happen?

**47.** If someone says he saw you at night, what should you tell the person?

**48.** If a small lizard jump over a woman, what will happen to her?